

DHS Pibliye Mizajou Plan Aksyon Ekite 2023, Souliye Nouvo Angajman

Dat Piblikasyon an: 14 Fevriye 2024

Depatman an Ranfòse Angajman li pou Avanse Ekite nan Politik, Pwogram ak Operasyon li yo.

WASHINGTON – Jodi a, Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS) te anonsé piblikasyon [Mizajou Plan Aksyon pou Pwogrè Jistis DHS la pou ane 2023](#), ki baze sou pwogrè nan kad plan 2022 ki te lanse nou yon novo inisyatif pou fouye plis ekite nan mitan misyon Depatman an. Mizajou 2023 a souliye akonplisman DHS pandan twa (3) dènye lane yo epi idantifye nèf (9) zòn ki mande konsantrasyon pou avanse nan ekite yon fason ki jeneral pou politik, pwogram ak operasyon Depatman an.

DHS chwazi nèf (9) zòn konsantrasyon yo nan Mizajou 2023 a ki baze sou fidbak lòt patnè yo ki reprezante kominate ki defavorize yo. Nèf (9) zòn sa yo gen estrateji ak inisyativ sa yo ladan l:

1. Avansman nan ekite atravè mizajou Pwogram Asistans Endividyle FEMA ki planifye, sa ki pral kreye opòtinite pou kominate ki defavorizeyo pandan y ap ogmante aksesibilite ak kalifikasyon pou sipò apre katastwòf.
2. Diminye baryè pou kapab vin sitwayen ak natiralyze gras ak evalyasyon pwogram, politik, ak opòtinite sansibilizasyon.
3. Fè pwomosyon pou kapab itilize teknoloji Entèlijans Atifisyèl (Artificial Intelligence, AI) yon fason ki ekitab nan Depatman gras ak devlopman ak aplikasyon novo direktiv ak tout kowòdinasyon anndan ajans lan.
4. Konbat Vyolans Domestik ki Ekstrèm ak vyolans ki vize yo atravè yon apwòch sante piblik ki enfòme.
5. Avansman nan ekite pou moun Nivo Angle yo Limite (Limited English Proficient, LEP) pandan y ap ranfòse pwogram ki bay aksè ak lang yo.
6. Avansman nan ekite pou aktivite depistaj nan pwen kontwòl nan ayewopò ak ladwàn gras ak mizajou nan fòmasyon ak amelyorasyon teknoloji yo.
7. Avansman nan ekite pou 574 Nasyon Tribal gouvenèman federal yo rekonèt yo ak sitwayen yo pandan y ap asire konsiderasyon Tribal la apwopriye epi gen reprezantasyon nan Depatman travay la.
8. Avansman nan ekite pou moun ki ap chèche pwoteksyon imanitè pandan pwosesis imigrasyon pandan y ap ranfòse pwogram ki la pou ede yo.
9. Avansman nan ekite atravè Zòn Rezilyans Kominote Kont Katastwòf yo.

Mizajou 2023 a gen akonplisman sa yo ladan yo tou ak yon pakèt lòt ankò:

- Depase tout prim pou ti biznis yo ak objektif sosyo-ekonomik yo jan yo negosye ak Administrasyon Ti Biznis yo nan Ane Fiskal 2023. Sa ki se yon ekivalan \$9.94 milya yo te bay ti biznis yo, ak tout \$4.69 milya ak ti biznis ki defavorize yo. DHS se pi gwo ajans

ki depanse lajan pou reyisi nan objektif sa.

- Deplwaye nouvo lojisyèl pou plis pase 1,000 sistèm kontwòl Teknoloji Imaj ki Avanse (Advanced Imaging Technology, AIT) nan ayewopò nan tout peyi a: Mizajou algoritm lojisyèl la retire pati ki fè ofisyè sekirite yo bezwen konnen sèks pasaje yo avan kontwòl AIT a, amelyore presizyon epi fè anpil travay pou diminye fo alam ak tate kò tout pasaje yo. Yo pwojte pou diminye ka ki mande pou ranfòse kontwòl pou manm kominote ki defavorize yo.
- Mizajou sètifikasyon medikal pou eksepsyon andikap ak direktiv politik ki lye ak sa: Aplikan pou kapab natirализ yo ki gen yon andikap fizik oswa ki ap devlope oswa andikap mantal ka mande pou yo fè eksepsyon pou yo pou obligasyon yo fè nan tès Angle ak sivik pou natirализasyon an. Mizajou fòm ak politik sa retabli jan pou pwosesis la fèt pou aplikan yo pou reklame ak jistifye yon andikap pandan ap elimine kesyon ki pa nesesè ak plizyè fwa yo.

DHS te pibliye Mizajou Plan Aksyon Ekite 2023 a ki konfòm ak Lòd Egzekitif la 14091, [Plis Avansman Ekite Rasyal ak Sipò pou Kominote ki Defavorize yo Atravè Gouvènman Federal yo.](#) Lòd Egzekitif la mande ajans federal yo pou ranfòse efò yo pou bay plis rezulta ki jis pou manm kominote ki defavorize yo.

Li plis sou [avansman ekite nan DHS](#)